

A Ngaregepkeun Pupujian

Dina kahirupan sapopoé, jeung sasaha gé, urang téh kudu akur jeung sauyunan. Kawas kumaha hirup sauyunan téh? Urang regepkeun heula pupujian di handap.

Hirup Ulah nyorangan

*Mun hirup urang nyorangan
moal aya nu marengan
poék taya nu nyaangan
matak jauh panineungan*

*Hirup ulah mumusuhan
pagirang-girang tampilan
jeung batur silih tulungan
ngarah angger sauyunan*

*Mungguh dina kahirupan
tangtu aya pacogrégan
ulah neundeun kagoréngan
mun salah silih élédan*



LEMBAR KERJA

Nama :

Kelas/Semester	IV .../ I
Mata Pelajaran	Bahasa Sunda
Hari/Tanggal	Jum'at 23 Juli 2021

Latihan 1

Jawab pananya di handap!

1. Bakal kumaha lamun urang hirup nyorangan?
2. Naon sababna hirup ulah mumusuhan?
3. Kumaha ngarah hirup angger sauyunan?
4. Naon sababna urang ulah neundeun kagoréngan?
5. Ku naon pangna urang kudu silih élédan?

Jawablah pada kolom di bawah ini !

1.

2.

3.

4.

5.